



IL VESCOVO DI BERGAMO

Bergame, août 2014 – ramadan 1434

Yen mbolo diulit u Bergamo ak diwanam gep

Ci turu diangu catolik u Bergamo, ci khewte koor gui ngen di diehal, mangi len di ndokel ci turu Yalla mi sut lep, borom yermande, na barkem wacce ci yen nep, ci seni ndiobot, rawatina ci ndiobot yi am ni febar ak ni dul liguey.

Woor nama ne, sunu wakerlo sunui nian fa Yalla, mom dina sohat ci nun mbegel u liguey ngir diamma, diubay ak wotukayu mbindef mi, ak itam sohaat wallu diulit yi am mana ndah yarute ak dundu bi fonka solos mbindef.

Mangi len di yéné ndah seni mbotay tabakh ci sunu dalukay i diallukayu diéganté ak mbokef yu deger. Nonu dinanu wessu diaffédiaffé yi ak niakka deggo yi di fegr sa yunu dekké wet ak wet, sa yunu seddo benna dunda bi, ak dundu bu diaffé te metti bilé ci wallu komkom. Dinau mena danél khalat yu bonn yi ak wakh yu bonn yi ku nekka ci moromam, rawatina ci dundu nguur gi, ndakhté niéppa mena diot ci lilène warr ak sen ciobare bopp.

Lolo takh ma yeg niki warugar ci man, ma gerem té yokal niéme nieppa ni bokka ci kureel bi nu tudé “anda dokh diem ci diamma di”, kureel gu am mana te tekki dara ci dietayu ndadié u ngem yi nekka ci tundu bergamsca bi.

Ci gattal, banekh la ci man ma fattéli né diangu Bergamo angi maggai cia degga ci att bilé diromfukelu att ndem ci yalla bené domam bu maga mak, sunu bay sang niari fukkak nièt ba. Modi cia degga pap bi yengetuwon ak dolém gep ngir takhawal kureel gi toppato wakhtan ci diganté ngem yi te mu begon ndakh ci diganté amdi diamma yi yép, nu mena ut li nui dadialé don benna asté li nui fewalé. Mbegté la ci man, ma mena aggali batahelam bu mudié bi ci ngem, ndakh mu mena don diangat ak royukay ngir nun nièp.

Mangilen di nuyu te dilèn yénè khéwté bu sella ku nekka ci yen.

+ Jean-Pierre Besseux